Nòt

Yon fwa tès tibèkiloz la pozitif li nòmalman rete konsa pou plizyè lane, menm apre w pran INH. Si yo mande w prèv de stati tibèkilin ou, prezante dosye sa ki anba a.

Tès Po Tibèkilin (PPD)

Non: _____

Dat administre: _____

Dat/lè pou retounen nan klinik lan pou yo li rezilta yo:

_____

_____

Dat lekti a: _____

Rezilta yo (mm): _____

Si rezilta yo pozitif, dat/lè randevou pou fè radyografi poumon:

_____

Depatman Lasante Konte a.

The Florida Department of Health

Bureau of TB and Refugee Health

DH 150-527, 5/00

Tès Po Tibèkilin lan

di:
kilès ki enfekte?
kisa sa vle di?

Tibèkiloz

Haitian Creole Version

Kisa Tibèkiloz Ye?

Tibèkiloz (TB) se yon maladi ki pwopaje de moun a moun nan lè a. Lontan, yo te konnen TB tou kòm Òkonsonpsyon. Ó Jèm TB yo lache nan lè a lè yon moun touse, estène,ri,oswa chante. TB nòmalman afekte poumon yo men li ka afekte lòt pati nan kò w tou, tankou sèvo, ren yo,oswa kolòn vètebral la. Kèk nan moun ki enfekte ak jèm TB yo devlope maladi TB pi devan.

Siy tibèkiloz

Siy abityèl yo se tous ki pa janm fini, fatig, swe lannwit, wap pèdi pwa lè w pa konn pou ki rezon oswa lafyèv, wap pèdi apeti oswa wap touse san. Souvan sèl siy li bay se yon tous ki pèsistan. Souvan siy sa yo se sentòm lòt pwoblèm tou, donk asire w ke ou wè yon doktè.

Tès Po a

Bi yon tès po tibèkilin se pou fè konnen si ou enfekte ak jèm (bakteri) ki koze (TB) tibèkiloz.

Kouman Yo Fè Li?

Yo enjekte yon ti kras pwoteyin tibèkilin ki pa danjre nan kouch sifas po a souvan nan ponyèt ou.

Kisa Li Montre

Yo egzamine kote yo te fè tès la 48 a 72 èdtan apre yo finn fè tès la. Si li NEGATIF oswa li ensiyifyan,souvan sa vle di ke ou pa enfekte ak jèm tibèkiloz yo. Sepandan, kèk medikaman oswa kondisyon medikal ki afekte imunite kò a ka koze yon rezilta negatif ki pa vre. Anvan w fè tès po a, diskite de sa ak moun ki ap fè tès la.

Si li POZITIF oswa enpòtan (kote w fè tès la anfle, li wouj epi/oswa li fè zanpoud), sa vle di ke w te enfekte ak tibèkiloz epi koulye a ou genyen jèm yo nan kò w ki koze maladi tibèkiloz. Sa pa nesesèman vle di ke w gen maladi tibèkiloz oswa ke w ka bay lòt moun li. Ou ta dwe fè yon radyografi nan poumon, e petèt lòt tès, pou wè si w gen maladi tibèkiloz la. Detanzantan yo ka “doute” de rezilta tès la. Li ka nesesè pou refè tès la. Moun kap fè tès la pral eksplike poukisa li nesesè.

Kilès Ki Ta Dwe Teste?

Moun ki kouri anpil risk pou trape tibèkiloz ta dwe reteste a entèval regilye. Moun ki te pran kontak ak yon moun ki gen tibèkiloz aktif ta dwe teste le pli vit ke posib. Nenpòt moun ki ta ka enfekte oswa ki deja enfekte ak viris VIH la ta dwe teste tou.

Kouman Maladi A Pwopaje?

Ou respire jèm tibèkiloz yo nan poumon w yo lè wap respire menm kote ak yon moun ki gen maladi tibèkolz la aktivman. Se souvan lakay ou, kote ou travay, oswa kote ou pase pifò tan lib ou. Ou paka trape maladi a apati de kontak brèf ak okazyonèl nan gran espas. Souvan ou pa menm konnen sous enfeksyon an epi ou ka te enfekte sa fè dèzane san ke ou pa konnen.

Kisa Mwen Ka Fè?

Yon fwa ou finn enfekte, ou ka devlope maladi TB a nenpòt ki lè nan vi w. Si radyografi poumon w nòmal epi ou pa gen okenn sentòm, yo ka rekòmande pou swiv yon tretman remèd pou anpeche maladi tibèkiloz lan devlope kounye a ak pi devan. Medikaman ki pi itilize a rele “Isoniazid” (INH) e ou dwe pran li chak jou pandan 6 a 9 mwa, toudepan de sa doktè w rekòmande.

Kilès Ki Ta Dwe Pran INH?

Li trè enpòtan pou moun ki enfekte ki kouri gwo risk pou devlope maladi TB a pou yo konsidere swiv tretman. Doktè w pral eksplike w nivo risk ou pou maladi a. Moun ki enfekte ki te gen kontak dirèk pandan yon sèten tan ak yon moun ki gen maladi TB a aktivman konsidere kòm moun ki gen gwo risk. Kòm egzanp moun ki enfekte ki kouri gwo risk pou trape maladi TB a nou ka site moun ki enfekte ak VIH, moun ki Òte pozitif deja pou TBÓ nan rezilta radyografi poumon, oswa moun ki gen kèk pwoblèm medikal (tankou sik).



Prevansyon Enpòtan

Prevansyon kont tibèkiloz enpòtan pou lasante w ak lasante moun ki chè a oumenm.

Si yo pa rekòmande pou fè tretman pou ou oswa ou pa finn swiv tretman an, ou ta dwe konsyan de siy ak sentòm maladi TB a. Si w vinn devlope kèk siy ak sentòm maladi a, ale chèche èd nan men doktè san pèdi tan.